



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU FEMA REMETE DÈLKO YO NAN KOMINOTE YO NAN PÒTORIKO

“Li imoral pou FEMA sanble ap retire dèlko nan kominote pòtoriken yo ki nan bezwen. Entèvansyon rate FEMA a apre Siklòn Maria te fè katastwòf la vin pi mal toujou sou zile a, epi jodi a fanmi yo toujou gen difikilte rekipere. Kounye a gouvènman federal sa a ap mete klou sou absè nan dezenstale dèlko pandan rezo elektrik la toujou poko ap mache byen.

Pòtoriken yo se sitwayen ameriken epi yo bezwen ak merite tout ankadreman nou kapab ofri. Mwen mande pou FEMA defèt aksyon sa yo touswit, si se vre, epi pou li kenbe ekipman yo an sèvis jiskaske rezo Pòtoriko a vin ap mache byen.

Okontrè gouvènman federal sa a, angajman New York la anvè Pòtoriko se yon bagay ki fèm. Nou kanpe ansanm avèk li depi premye jou trajedi sa a, epi nou pral kontinye mache avèk Pòtoriko sou chimen long rekonstriksyon an jiskaske li fin rebati pi byen ak pi solid pase anvan”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)